

LEKÒL PIBLIK KI GEN SIBVANSYON LETA, = BON RANMAN ELÈV



Sijè a se bon jan lekòl piblik.

Jwenn plis enfòmasyon nan adrès
CharterNYC.org

Kontre avèk nou sou **f** Facebook ak sou **t** Twitter ! @Charter411



NEW YORK CITY
CHARTER SCHOOL
CENTER

www.nycCharterSchools.org


111 Broadway, Suite 604
New York, NY 10006
212.437.8300

Lekòl Charter yo se pou tout elèv

Èske ou te konnen lekòl charter yo se lekòl piblik gratis ki ouvri pou tout elèv Vil New York? Jodi a, genyen 300 nan yo k ap sèvi 140,000 elèv ki soti nan tout orijin, ki enkli elèv k ap aprann anglè ak elèv ki gen bezwen espesyal. Lekòl charter yo pa chwazi elèv an fonksyon fòmasyon akademik yo. Paran yo sèlman ranpli yon aplikasyon kout epi elèv yo admi atravè yon seleksyon owaza. Lekòl charter yo sèvi elèv soti nan matènèl rive nan lekòl segondè epi yo sitiye nan toule senk awondisman Vil NY yo.

LEKÒL KI GEN SIBVANSYON LETA NAN 5
GWO DIVIZYON JEWOGRAFIK NOUYÒK YO

Jwenn plis
enfòmasyon nan adrès
CharterNYC.org



“Mwen renmen aksè mwen toujou genyen ak pwofesè pitit fi 6 zan mwen an nan lekòl charter li a. Mwen vrèman santi m tankou yon patnè nan edikasyon pitit mwen an – yo toujou akeyi m pou obsève klas yo epi patisipe nan aktivite elèv yo pou rete konekte.”

- Valerie Babb, ki se yon paran elèv nan Harlem Link Charter School

Charter yo prepare elèv yo pou inivèsite ak karyè

Etid yo montre ke Vil New York gen youn nan sektè lekòl charter ki pi pefòman nan peyi a. Done ki pi resan ki disponib yo montre elèv lekòl charter yo toujou pase tèl akademik eta yo ak mwayèn ki pi wo pase kamarad distri yo, espesyalman elèv Nwa ak Latino yo.

Charter yo fè inovasyon!

Lekòl charter yo fonksyone nan fason endepandan pa rapò ak Depatman Edikasyon (Department of Education) Vil NY Sa pèmèt yo pi fleksib nan fason y ap dirije lekòl yo, y ap konsewa pwogram akademik yo epi y ap anboche anplwaye. Anpil lekòl charter pa sèlman mete aksan sou matyè prensipal anglè ak matematik, men yo ofri pwogram ar, syans ak lang tou. Lekòl charter yo souvan itilize apwoch ki inovan pou aprann, tankou jounen lekòl ki pi long ak yon ane lekòl ki pi long, ki kontribye nan siksè elèv yo nan preparasyon pou inivèsite ak karyè.

Kijan pou aplike – Pa rate dat limit lan!

Peryòd aplikasyon an kòmanse jeneralman soti oktòb jiska 1ye avril, pou enskripsyon nan pwochen sezon otòn nan. Anpil lekòl charter aksepte aplikasyon pandan tout ane a epi y ap alètte fanmi ki aplike yo si yon plas vin disponib.

Gen 3 fason fasil pou aplike nan yon lekòl charter:

1. Ou ka soumèt yon aplikasyon atravè Aplikasyon Lekòl Charter Anliy Komen an (Common Online Charter School Application) kote ou ka aplike nan plizyè lekòl alafwa. Vizite charternyc.org/apply-online/ jodi a!
2. Ou ka vizite sitwèb nenpòt lekòl charter epi aplike anliy oswa telechaje yon aplikasyon papyè.
3. Ou ka vizite lekòl ou vle epi chwazi yon aplikasyon an pèsòn. Vizite nyccharterschools.org/school-search pou jwenn lekòl charter nan katye w la.